

## 5 bagay ou dwe konnen sou pwoteksyon ki baze sou sitiyasyon reyèl de moun ki LGBTQI oswa sou pèsepsyon moun genyen

1. Yo fèt pou trete moun LGBTQI yo egal-ego nan travay, nan lojman, ak nan espas piblik yo. Li ilegal pou tizonnen yon moun, bay li pote non, joure li, refize sèvi li, oswa kraponnen li paske li LGBTQI. Li ilegal tou pou pran desizyon travay ki fèt ak diskriminasyon, tankou pa bay yon anplwaye yon opòtinite, paske li se yon LGBTQI.
2. Tretman nan travay ki baze sou jeneralizasyon sou sa fason gason sipoze aji ak fason fi sipoze aji ilegal. Pa egzanp, yo pa gendwa di yon anplwaye pou li aji oswa abiye "tankou yon fanm" oswa li pa aji "ase gason". Li ilegal tou pou gen yon kòd abiyman, egzijans pou inifòm, oswa estanda sou fason pou moun kenbe kò yo ak cheve yo ki enpoze diferan egzijans selon sèks moun nan.
3. Moun ki te chanje sèks oswa moun ki pa konfòme ak okenn sèks yo pa bezwen montre "prèv" sèks yo pou egzèsè dwa yo pou abòde yo ak pwonon oswa non yo pito a oswa pou itilize twalèt, kazye, oswa lòt enstalasyon ki pou yon sèl sèks selon sèks yo idantifye ak li a ak/oswa sa yo eksprime a.
4. Yon mèt kay pa gen dwa refize ofri yon kontra lwaye, mande pou peye plis lwaye, mande plis frè, ofri ekipman oswa sèvis diferan, oswa refize reparasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl ou oswa idantifye ak li a ak/oswa sa yo eksprime a. Epi tou pwopriyetè kay ou, anplwaye li a, ak/oswa lokatè nan bilding ou pa gen dwa pou yo pa tizonnen ou oswa menase ou oswa fè kòmantè nan bilding ou a.
5. Li ilegal pou yon patwon fè diskriminasyon lè l ap bay avantaj anplwaye selon sèks ak oryantasyon seksyèl. Pa egzanp, anplwayè ki ofri avantaj sante pou mari oswa madanm anplwaye yo dwe ofri avantaj madanm oswa mari ki menm sèks la ansanm ak avantaj pou garanti swen ki gen pou wè ak moun ki chanje sèks.

Si ou kwè yo te fè diskriminasyon kont ou oswa yon lòt moun, **nou ka ede**. Rele Komisyon an nan 212-416-0197 pou pote plent. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [NYC.gov/HumanRights](http://NYC.gov/HumanRights).

**PWOTEKSYON  
KONT  
DISKRIMINASYON  
KI BAZE SOU  
ORYANTASYON  
SEKSYÈL  
AK SÈKS MOUN  
IDANTIFYE AK  
EKSPRIME**

 **Komisyon pou  
Dwa Moun**

[NYC.gov/HumanRights](http://NYC.gov/HumanRights)

#BeYouNYC

 @NYCCHR

 **Komisyon pou  
Dwa Moun**

# PWOTEKSYON KONT DISKRIMINASYON KI BAZE SOU ORYANTASYON SEKSYÈL AK SÈKS MOUN IDANTIFYE AK EKSPRIME



Nan Vil New York, li ilegal ou fè diskriminasyon kont moun selon oryantasyon seksyèl oswa pèsèpsyon moun genyen de sèks yo. Diskriminasyon ki baze sou sèks gen ladan diskriminasyon ki baze sou sèks moun nan idantifye oswa ekspriye, oswa si li santi li gen toulède sèks yo. Pwoteksyon sa yo konsène diskriminasyon nan anpil kote, tankou nan travay, nan lekòl, nan lojman, ak nan espas piblik, tankou restoran, sal sinema, oswa pak. Epitou, Lwa a ofri pwoteje kominote Omoseksyèl, Biseksyèl, ak Moun ki Chanje Sèks yo (LGBTQI) kont lapolis k ap pran vanjans, tizonnay ki baze sou diskriminasyon, ak pwofilaj ki baze sou diskriminasyon.

## Senaryo pou ede ou Idantifye Diskriminasyon

- Yon pwopriyetè kay di yon lokatè konsa li pa kapab mete non patnè menm sèks li nan kontra lwaye a, men li kite lòt lokatè sèks opoze mete patnè pa yo nan kontra lwaye a.
- Yon patwon bay refi pou konje paran yon anplwaye fanm lè patnè menm sèks ak li akouche pitit yo, men li bay konje paran pou anplwaye diferan sèks yo lè patnè fanm yo akouche.
- Yo rele yon elèv non omofòb nan lekòl, men dirijan lekòl la refize aji.
- Manadjè yon restoran di de (2) kliyan menm sèks k ap montre afeksyon youn pou lòt pou yo pa gen konpòtman sa a oswa pou yo kite restoran an, men li pa trete koup menm sèks ki montre afeksyon an menm jan.
- Yon sipèvizè twonpe yon gason ki te chanje sèks epi l ap plede rele li "madmwazèl" nan travay la apre li te di li byen klè tit li se "mesye".
- Yo entèdi yon fanm ki te chanje sèks itilize twalèt fi a nan yon restoran paske yo pè pou sa pa jennen kliyan yo.
- Yon konpayi ranfòse yon règ ki egzije pou gason mete kravati ak pou fi mete jip.
- Yon manadjè aprann youn nan anplwaye ant toulède sèks yo (intersex) epi li kòmanse fè vye kòmantè pou di li pa yon "vrè fanm".

## Aksyon Estratejik:

Komisyon Vil New York pou Dwa Moun nan angaje li pou garanti yo trete Rezidan LGBTQI New York yo ak diyite ak respè san menas diskriminasyon oswa tizonnay. Komisyon an:

- te elaji efò ranfòsman li yo pou derasinen diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ak ekspresyon seksyèl nan tès ak lòt teknik ankèt afimatif Komisyon an lanse.
- angaje lidè relijye yo pou devlope yon rezo LGBTQI ki afime kominote relijye yo. Kòm yon pati nan pwojè Inite Vil New York la (NYC Unity Project) a, yon kanpay ant plizyè ajans pou elaji sèvis konplè pou jèn LGBTQI yo, Komisyon an pral ede fasilite konsèvasyon fanmi sou seksyalite, idantite ak ekspresyon seksyèl, ak defi jèn LGBTQI yo genyen.
- te mete an aplikasyon konsèy an fòm jiridik sou diskriminasyon ki baze sou idantite ak ekspresyon seksyèl, kote yo eksplike pwoteksyon NYCHRL pou moun ki chanje sèks yo ak moun ki pa konfòme ak okenn sèks yo se youn nan pwoteksyon ki bay plis pwoteksyon ak pi konplè nan peyi a.
- te dirije yon aktivite nan tout vil la ak Sant LGBT a pou amelyore konpetans kiltirèl nan tout ajans Minisipal yo, anplwayè yo, founisè lojman yo ak biznis yo sou eksperyans moun ki Rezidan New York ki chanje sèks yo.
- te pwopoze epi ede aplike yon Dekrè Egzekitif Majistra ki egzije tout ajans gouvènman New York yo afiche yon règleman aksè egal pou moun ki chanje sèks yo nan twalèt ak fòmè tout manm pèsònèl devan ak sa ki nan sipèvizyon sou règleman an ak jan pou trete moun ki chanje sèks yo.
- te demare "Look Past Pink and Blue: #Be You NYC" premye kanpay media nan gouvènman minisipal la pou re-afime dwa moun ki chanje sèks ak moun ki pa konfòme ak okenn sèks yo pou itilize twalèt yon sèl sèks ki koresponn ak sèk yo idantifye ak li a ak/oswa sèk yo ekspriye a.

